


ISRAERI NE CHECHI ⁵

 Zvino manheru ano tinoda kuvaisa munyika yekumusha kwavo. Ishe ngavaropafadze. Zvino, mangwanani ano tanga tiine mibvunzo nemhinduro. Ini zvangu, tava nechitsama chayo. Ndatanga, ndokutarisa kuda kuma 9:00, ndokubuda na 2:30, ndanga ndichine homwe yakazara. Mhando dzese. Asi pamwe tinogona kusvika kwairi vhiki rinouya. Pachine yakawanda iri kumusoro kuno, yandisati ndamboona nazvino, tichasvika kwairi nekukurumidza kwatinogona. Ndinovimba Hama Tom vachagara pamwe nesu vhiki rinouya. Uye saka tine vaparidzi vakawanda pano, kana mumwe wedu akashoshoma tinogovetukira kune anotevera. Saka isu . . .

² Aka ndiko kekutanga kangu kuva nerumutsiriro rwemhando ino kwemakore 7. Makore 7 apfuura, vhiki rino riri kuuya, ndakaita rumutsiriro rwangu rwekupedzisira pano patabhenakeri. Dzakanga dziri shumiro dzekunamatira vanorwara. Ndinobvuma kuti takava nemhomho huru nezvinhu, kusvika 100,000 asi handisati ndambova nenguva iri nani. Ndichangobva kuva nenguva yakanaka.

³ Manheru apfuura ndakanga ndichingorwera rute sebhiza riri kudya clover, Hama Wright, tichiva nenguva yakanaka kwazvo! Ishe vakatiropafadza.

⁴ Vatiropafadza nhasi kusvika tatopotsa taputsira imba pasi. Zvinonzwika semusangano wekare wemumusasa, “kuputsira imba pasi,” hazvisi here? Asi tava nenguva yakanaka. Ishe vatiropafadza. Tinotenda kuti Vachadaro manheru ano. Mimwe mibvunzo yakakosha zvikuru yatakurukura mangwanani ano, mimwe yacho iri pazvidzidzo zveBhaibheri zvakadzika.

⁵ Zvino, Chishanu chiri kuuya ichi pachava neMharidzo ye—yekurovererwa, manheru eChishanu chiri kuuya ichi, Ishe vachitendera, tichaMuendesa kumuchinjikwa, toMuona achirovererwa, toMuisa muguva uye toMuchengeta imomo manheru eMugovera; asi Svondo mangwanani, pashumiro yepakubuda kwezuva paEsta, tichaedza kuMuburitsa, tokuratidzai kuti Anoratidza sei zvaAri.

⁶ Ivai makanaka chaizvo, mushure meizvozvo, kana Ishe vakatibvumira kuita shumiro huru yekupodza, hazvingadaro? Zvingave zvakanaka kwazvo. Pamwe towana jimu rechikoro chesekondari kana chimwe chinhu, tongounganidza zvimwezve zviuru zvishoma zvevanhu, uye tova neshumiro huru yekunamatira vanorwara, tozwiisa mubepa nepamaredhiyo, nezvimwe zvakadaro. Kazhinji vanhu vanosvika zviuru zvakanaka kana tikava neshumiro yekunamatira vanorwara.

Ndiko kudanwa kwangu, kunamatira vanorwara. Ndakava nechiiitiko chinoshamisa nenzira iyoyo!

⁷ Uye ndinotenda kuti Ishe vari kugadzirira zvino, chikonzero Vakandibuditsa kubva mumunda uye vakandigadzika pasi, ndinotenda kuti inguva yerangariro yaVo, makore 7, vachasimudza chimwe chiyero, toenderera mberi zvisroma. “Kana muvengi akauya semafashamu,” Vakati, “Ndichasimudza chiyero chinopikisana naye.”

Manheru ano, ndinoda kuverenga semusoro wedu wenyaya, kana kuti, seRugwaro.

⁸ Uye zvino tine shumiro yerubhabhatidzo tichingopedza. Handisi kuzotaura kwenguva yakarebesa manheru ano. Ndanga ndichizviture manheru ega-ega, uye ndokupai maawa angangoita 2 nehafu, ekugara ipapo, chitarafu. Asi ini—ini handikwanise kuita izvozvo manheru ano, nekuti ndine vakawanda vekubhabhatidza.

⁹ Zvino mangwanani eEsta, mushure chaimo meshumiro yepakubuda kwezuya, kuchave nerubhabhatidzo rwemumvura pano mutabhenakeri, zvakare, rubhabhatidzo rwemangwanani eEsta.

¹⁰ Vachange vachibhabhatidza manheru ano. Tiri “vabhabhatidzi,” nenzira yekubhabhatidza. Tinongofanira kuva muMagwaro, ndizvo zvoga. Hatisi chaizvo maBaptisti; asi Magwaro, tinotenda murubhabhatidzo rwekunyudza mumvura. Uye, zvino, kana usingazvitendi nenzira iyoyo, zvichiri zvakanaka. Asi tinozvitenda, murubhabhatidzo rwemumvura, rwekunyudzwa mumvura.

¹¹ Zvino herino Gwaro randanga ndiri. . . Rakauya kwandiri kwemakore nemakore, makore 4 apfuura. Pasina nguva zhinji dzekukundikana, ndaigona kutora Bhaibheri, Raivhurika pachitsauko ichi. Uye ndizvo, handina kuzviziva kusvika nguva pfupi yapfuura, zvashanda kusvika pakupera chaiko kweMharidzo ino manheru ano.

¹² Vhiki rinouya tinogona kudzokera muna Genesi kana kumwewo. Hatizivi kwatichaenda vhiki rino rinouya, sekutungamira kwaShe. Asi manheru ano. . .

¹³ Pandakarwara pano imwe nguva yakapfuura, ndakanga ndisiri kurwara, ndakanga ndakangoparara—para muviri; ndakangogara kwemaawa, ndakagara mumitsara yemunamoto, kwemazuva 8 nehusiku ndisingabve, ndisingabvi papuratifomu. Ndaidya chikafu changu, uye ndikaita zvekurara, papuratifomu. Zvino ndakati, “Ndave kuzonamatira munhu wese, kana ndikakwanisa kudaro.” Zvino pandakabva, kwaiva nevanhu 28,000 muguta vaifanira kunamatirwa, 28,000. Zvino, ndizvo zvakarehwa nepepanhau. Vese vaivepo, bepanhau parakataura kuti vaivepo, *Jonesboro Sun*. Zvino tevere izvi. . .

14 [Imwe hama inoti, “Vachiri kutaura, musangano iwoyo zasi kuArkansas, Hama Bill. Kwese kwandakambenge ndiri, zasi ikoko, vari kutaura, ‘musangano waBranham muJonesboro.’”—Mupepeti] Takava nenguva inoshamisa. Ndipo apo mapofu, matsi, mbeveveve, zvirema, nezvimwe zvose, vakapodzwa. Zvichitanga kupararira kubva ipapo kutenderera pasi rese. [“Ndakasangana navo. Vachiri vakapora zasi ikoko, Hama Branham, kubva kumusangano iwoyo.”] Zvinoshamisa. Munogona here kuzvzwa izvozvo, hamugone? Oo, hongu. Mwari havagadzirise zvinhu nezvigamba. Vanozvipozda. Ndizvozvo chaizvo. Vanozvipozda. Zvino ndinoda kudzokera zasi ikoko ndonoita mumwe. Izvozvo zvingangova. . . [“Ameni. Vangafara kuva nemi, vanobva kwese-kwese kubva kumakomo nemakoronga iwayo.”]

15 Takakanzura musangano uko kuMemphis rimwe zuva, uko kwatakava neChurch of Christ, kana, kwete chechi, kana, veYouth For Christ yaizotsigira nemari Memorial Auditorium hu—huru muMemphis. Zvino Mweya Mutsvene wakati, “Huya kumba,” saka hepano pandiri. Handizive.

16 Vakambova naFiripi murumutsiro rukuru imwe nguva. Vakamuudza kuti aende kugwenga kunoparidzira murume mumwe chete, akaenda kunze ikoko. Ndizvozvo. Akasiya rumutsiro, parwaipisa chaipo. Ndizvozvo. Ndizvo chaizvo. Tinofanira kungoita zvinotaurwa naMwari kuti tiite.

Zvino, ndiJoshua, chitsauko 1.

17 Muchiratidzo chekuenda kuIndia. Zvino, mose munoziva nyaya yacho, pandakadzoka kubva kuAfrica, ndakanga ndakagara padivi pemubhedha mamwe mangwanani. Zviratidzo zviya. . .

18 Vangani vakambova mune mumwe wemisangano yangu yekunamatira vanorwara? Ngationei maoko enyu. Chokwadi. Munoono kuti zvinoratidza sei zviratidzo. Vangani vaive pano pandakangova neshumiro ye—yehusiku hwekunamatira vanorwara pano? Munorangarira nguva iyoyo? Yakanga yakazara kwese-kwese kunze uko muchivanze, uye kuchinaya nokungoenderera. Mumwe musikana akauya kumusoro kuno ari muhviricheya, akanga achishanduka kuita choko kubva muchiuo chake zvichidzika zasi, akaoma mitezo, akange agara ipapo kwemakore. Mweya Mutsvene wakamuudza zvese pamusoro pezvaakanga aita nezvaakatadza kuita.

Akati, “Kana Mwari vakandipodza, ndichaita izvozvo.”

Ndikati, “Simuka, nemuZita raIshe Jesu.” Zvino hoyo achienda, achifamba achibuda muchivakwa, semunhu wese. Maona? Maona?

Ndicho chinhu chinoona kuti chii chiri kukonzera dambudziko. Unofanira kuwana chikonzero usati wawana mushonga wacho, nguva dzose.

¹⁹ Saka hatidi kutanga nekunamatira vanorwara, nokuti, zvino, ukatanga kuridza, *Tenda Chete*, tingazogadzira mutsara wokunamatira. Asi zvino tinoda kutaura zvizhoma pano.

²⁰ Uye zvino kuti ndipedzise kukuudzai chiratidzo ichi. Ndakachiona chichizaruka pamberi pangu. Zvino mumwe Murume akauya kwandiri, akanga aine mapepa. Zvino akatora mapepa iwayo, akati, “Sezvo wanga uchifunga pamusoro pezvichava ramangwana rako,” zvino akaakanda *saizvozvo*, uye akakwira kumatenga. Ndakatozvinyora ipo pano muBhaibheri. Sezvazvingori zviri umo mudombo repakona, nezvaizoitika mumazuva ekupedzisira; uye munhu wese anoziva kuti chaiva chii ichocho, chaingova chiri Shoko chairo. Zvichangova saizvozvo. Akati, “Ramangwana rako rakajeka.” Zvino akati, “Pawakanga uchifunga nezvedambudziko rawanga uinaro, zvose izvozvo zvichapera. Hauchazovi naro zvakare.” Akabva ati, “Chimwe chinhu,” akati, “wanga uchinetsika nezvekuti ungaite sei shumiro dzako.”

²¹ Munhu wese aigara achindiudza kuti, Oral Roberts ainamatira 500 ini ndichinamatira 2. Asi handisi Oral Roberts. Mwari vakandipa shumiro; vakapa Oral imwe. Chero chii zvacho chinotwa naOral, anongovapfuudza oisa maoko ake pavari saizvozvo. Ndiyo nzira yaakaudzwa naMwari kuti azviite nayo. Ndinofanira kumira ndonyatsoongorora nyaya yacho yese.

²² Unofanira kutarisa, shamwari. Chinhu chine njodzi. Rangarirai, ko kana Mwari vakaisa chituko pamunhu kuitira chimwe chinangwa, kuti chiite chimwe chinhu, zvino hepanoi pouya muporofita obvisa chituko ichocho pamunhu, asi hazvo havasati vazviita? Zvino unenge wava mudambudziko naMwari.

²³ Tarisai kuna Mosesi, munhu wedu watiri kutaura nezvake manheru ano. Mwari vakamuudza, “Enda zasi unotaura neDombo,” akaenda akanorova Dombo. Asi Mwari vakashanda naMosesi.

²⁴ Tarisai Erisha, muporofita uya wechidiki, muchinda wechidiki akatanga kuita mhanza. Vana vadiki vakatanga kumuseka, vakati, “Nyamhanza, sei usina kukwira kumusoro?” Zvino muporofita iyeye akagumbuka akatendeuka ndokutuka vana vadiki ivavo, muZita raShe. Uye zvitsera 2 zvakaurya vana vadiki 42 vasina mhosva. Zvino, haugone kuti hunhu hweMweya Mutsvene. Asi aiva muporofita akanga agumburwa. Zvirokwazvo. Unofanira kungwarira.

²⁵ Tarisa Johane, pane imwe nguva, akati, “Todana moto here kubva Kudenga ugovapisa?”

Jesu akati, “Hauzive kuti uri mhando yemweya wakaita sei.”

²⁶ Munooni, unofanira kungwarira, famba zviri nyore uye zvizhoma nezvizhoma, tarisa zvinotaurwa neMweya Mutsvene kuti uite.

27 Mumwe mudzimai wechidiki akauya kumba kuno nguva shoma yapfuura. Akange anamatirwa zvakanyanyisa kusvika azodzwa ka 50, ndinofunga. Kuti zvese zvakaitika sei. Ndakanga ndamunamatira ipapo. Asi ndokugara pasi mukamuri mamwe mangwanani apo Mutumwa waJehovha akauya pedyo, akatanga kutaura naye ndokumuudza zvaakanga aita, uye chimwe chinhu chaakanga akachengeta mumweya make, akanga ainacho imomo kweose makore 8 iwayo. Haana waakamboudza. Chiremba wepfungwa akatadza kuzvibuditsa maari. Zvino akatopotsa afenda. Akawira pasi ndokutanga kuchema. Ini ndikati, “Iwe enda unogadzirisa izvozvo, uye Mwari vachakupodza.” Ndizvozvo. Akaenda akanatora murume wake akagadzirisa chinhu chacho, ndokudzoka zvakare. Achakapora nhasi uno. Vangani vanoziva wandiri kutaura nezvake, muchivakwa? Vazhinji venyu munoziva, chokwadi. Ndinofunga kuti, kana ndisiri kukanganisa, mudzimai wacho anogona kunge akagara pano zvino. Chaive chinhu chinonyadzisa zvikuru, asi Mwari vakaita basa racho.

28 Zvino, munooona, kunamata kwese, kudzana-dzana kwese, kudzinga mweya yakaipe kwese, aichengeta chivi mukatikati pakadzika mumoyo wake, chaaisada kuudza chero ani zvake chaakanga aita, asi Mweya Mutsvene wakazarura chakavanzika chemoyo wake. Akaenda akanogadzirisa, ipapo akabva achenena. Mwari havazoropafadze pamusoro pechivi. Unofanira kuchigadzirisa kutanga. Ndizvozvo.

29 Zvino, uye mune izvozvo zvichienda mberi (Hama Roberts), vakandiudza, vakati, “Sekungotungamirirwa kwenyu.”

30 Zvino vakandigarisa pasi kuDurban, South Africa, uko kwatakava nevanhu 100,000 mumusangano, musangano wekupedzisira. Takava ne 30,000 vakatendeuka muzuva rimwe chete, pavakaona zvakange zvaitwa naShe, maitiro aVakaita mabasa makuru, ane simba. Zvino ipapo, zvararo, ndakanga ndakagara kumashure ikoko zvakare, akandiratidza rimwe boka revanhu rakafanana nro, akaratidza boka iroro revanhu richipfuura richienda.

31 Zvino akanditendeudza *neuku*, zvino Mutumwa akaburuka nechiedza, akachivhenekesa. Ndakangoona makungwa evanhu, uye vaiva maIndia akapfeka mbatya dzechIndia. Akandiudza, akati. . . Zvino ndakaona Mutumwa achiuya pedyo-pedyo. Zvino ndakati, “Vanhu ava ndivanaani?”

32 Zvino iye, mumwe Mutumwa akanga akamira neni, uyo wamunooona kumashure uko mumufananidzo, zvino, iye—iye akaswederwa pedyo neni, akati, “Kune 300,000 veavo vari mumusangano iwoyo.”

33 Zvino, zvinoyerei muBhaibheri renyu, uye mozoona zvichava ripoti yacho. Kana ndadzoka kubva kuIndia, panenge pane vanhu 300,000 vachange vari pamusangano ipapo panguva

imwe chete. Ndiri kutarisira vanhu 100,000 vanotendeuka panguva imwe chete. Maona? Ndicho chinhu chega chichamisa mafambiro eCommunism zvino, apo 40 kubva muzana veIndia vatove maCommunist.

³⁴ Tarisai, kana chechi, (ndinotaura izvi neruremekedzo) kana chechi isingakwanise kuburitsa chimwe chinhu kunze kwekuverenga, kunyora, nemasvomhu, nedivi rezvepfungwa reEvhangeri, maIndia aparara. MaIndia, sevagari vemuAfrica, vanofanira kuona simba raMwari richiratidzwa. Munoono, vaitumira mamishinari ikoko kwemakore 50, muAfrica. Zvino pakazouya vacho vainzi Makristu, vakanga vakatakura chimupunzo chidiki chevhu pasi peruoko rwavo, handiti, mumishinari akavaudza... Handiti, pamusoro pekupodzwa, vakawana kupodzwa kubva muchimupunzo, (kwete kuburikidza nechimupunzo) kuburikidza naMwari, Mwari havana kuita hanya nekusaziva kwavo. Asi pazvakasvika panzvimbo yavaifanira kupodzwa, mumishinari akati, "Oo, zvinhu izvozvo, mazuva azvo akapfuura. Takazviwana izvozvo museminari. Munoono, zvakatopfuura kare. Hakuna chinhu chakadaro." Zvinoka, aitakura chimupunzo chake kuti apodzwe.

³⁵ Ndakamuudza kuti Mwari wacho chaiye aitaurwa nezvake nemumishinari, ndiye aiva Mukuru wekupodza kwese, ndokuzviratidza kwavari papuratifomu, vakabva vagamuchira Kristu ndokubuda vachipinda mumasango neikoko. Mumwe wemachinda kunze uko, akabuda kunze, ari kubhabhatidza vanhu vangaita 1,000 pavhiki, pari zvino, vagari vemo pachavo. Ndicho chimishinari. Mwari vari kuita basa rechimbi-chimbi chairo.

³⁶ Vangani vanonzwa *The Wings Of Healing*, Chiremba Wyatt nevamwe; uye shamwari yangu yepamoyo, Raymond Hoekstra? Honguka, akaparidza ipo pano patabhenakeri, Raymond Hoekstra. Akaenda kuEast India, kumusoro uko, uye akava nerumutsiriro, uye akava nezviuru zvevanhu vakatendeuka ikoko. Munoono zviru kuitwa naMwari? Oo, oo, tarisai, pane...

³⁷ Regai ndibvunze, nditaure izvi. Regai ndikupei mufananidzo. Pano, *hechino* chimwe chiyero, *hechino* chimwezve chiyero, uye *hechino* chimwezve chacho. Zvino, zasi *pano* ndipo pane chechi yezita; zvino kumusoro *kuno*, heino yakanakisisa, ndipo patinofanira kuva, pedyo chaipo neDenga, uko Masimba aMwari ari kudzudzira pasi. Zvakanaka, madonhwe aRo pane *ichi*, anodona achinosvika kune *ichi*, obva adonhera kunosvika kune *ichi*. *Ichi* ndiyo chechi yezita, inongoenderera mberi, pakupupura kwakangotonhora bedzi ne—nekakuita ketsika, ndiyo chechi yezita, vanongowana madonhwe mashoma-shoma chaiwo; chechi inotevera, kumusoro *kuno*, Full Gospel, inowana mamwe emaropafadzo, asi vanotsaukira muzvitevedzwa; kana tichizosimuka kupinda muchiyero chinotevera *ichi* tisati tatombova neKubvutwa,

chaizvoizvo, ufanira kukwira mune iChi tisati tatombova nakwo. Uye ichokwadi.

³⁸ Zvino, uye mu—muzvinyore muBhaibheri renyu. Havasati vambondiudza chero chinhu, hapana kubvira ndichiri mwana, zvino Shongwe yeMoto iyoyo... Uye amai vangu chaivo vakagara kumashure uko zvino, vaine makore 15 okuberekwa pandakazvarwa, vakavhura hwindo duku, zvino Mutumwa waJehovha akapinda ndokumira ipapo. Kuti, kubva panguva iyoyo, kubva pandichiri kuyeuka, haana kumbobvira andiudza kana chinhu chimwe chete chaive chisiri icho. Uye hepano pandiri muguta chairo randakaberekerwa uye ndikakudzirwa. Vamwe venyu mese, vatorwa, tsvagai nemuguta rose, uye bvunzai chero munhu kana paine chimwe chinhu chakambotaurwa muZita raShe kunze kwezvakaitika chaizvo sezvaChakataura. Saka ndinoziva kuti Chakanaka, munoona, NdiMwari.

³⁹ Zvino, uye pakupera kwacho, pakupera kwechiratidzo ichocho, ndakaona Bhaibheri rangu richiyaya kwandiri, zvino Rakavhurika kuna Joshua 1. Uye zvagara zviri mberi kwangu. Oo, kungoti, handikwanise kubva pazviri.

⁴⁰ Uye manheru ano ndinoda kuzviverenga, nokuti zviri kutora vana veIsraeri kuenda mhiri; Joshua, mutungamiri mukuru. Zvadaro tichadzokera muna Numeri uye totora chidzidzo chedu, uye tobuda nacho mumaminitsi 20 kana 30 anotevera, kana chimwe chinhu chakadaro. Tichava neshumiro yerubhabhatidzo, zvino iyoyo tinoiita . . . unogona kuigadzirira.

⁴¹ Zvino nyatsoteererai tichiverenga Joshua 1. Mushure mekufa kwaMosesi, ndipo patakazvisiira manheru apfuura. Ndizvo here? Mosesi, takasiya Mosesi kupi? Akamira pachikomo, achibhaibhaisa vanhu vake. Uye akanga ava kuda kufa, akarara ipapo. Zvino akatarisa, zvino herino Dombo rakamira pedyo naye. Akangokwira pamusoro peDombo, Ngirozi ndokuuya, dzikamutakura kuenda naye.

Zvakanaka, mushure mekufa kwaMosesi muranda waJEHOVHA zvakaitika kuti, JEHOVHA akataura naJoshua muanakomana waNuni, muranda waMosesi, . . .

Mosesi muranda wangu wafa; zvino simuka iwe, uyambuke Jorodhani urwu, iwe, navanhu ava vose, munyika yandichapa kwavari, kunyangwe kuvana vaIsraeri.

Nzvimbo imwe neimwe . . . ichatsikwa netsoka dzenyu ndakakupai iyo, sezvandarataura kunaMosesi.

Kubva murenje uye kusvika kuRebhanoni iri kusvikira kurwizi. . . rukuru Yufuratesi, nyika dzose dzavaHeti, kunyangwe kusvikira kugungwa guru kuenda kumavirazuva, ndiyo nyika yenyu.

Hakuna munhu uchagona kumira pamberi pako mazuva ose oupenyu hwako: sezvandaisiva naMosesi, saka ndichava newe: handingakusiyi kana kukukundika, kana, kukukundika, kana kukusiyi.

Simba uye uve wakashinga: nokuti kuvanhu ava uchagovera nyika ive nhaka, yandakapikira madzibaba avo kuti ndivape.

Ingova...wakasimba nokushinga kwazvo, kuti uchenjere kuita...murayiro wose, wawakarairwa naMosesi muranda wangu: usatsauka kwauri kana kurudyi kana kuruboshwe, kuti ubudirire pose paunoenda.

Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako; asi ufanira kurirangarira masikati nousiku, kuti uchenjere kuita zvole zvakanyorwamo: nokuti nokudaro uchaita kuti nzira yako ibudirire, . . .zvino uchava nokubudirira kwakanaka.

Ko handina kukuraira here? Simba uve nokushinga kwazvo; usatya, kana ku...kuodzwa moyo: nokuti JEHOVHA Mwari wako unewe kwose kwaunoenda.

⁴² Zvino, tichadzokera zvino muBhuku raNumeri, uye totangira patakasiira manheru apfuura.

⁴³ Zvino ndinoda kuti munyatsoteerera, kwemaminitisi mashoma, nokuti makatswikinyidzana. Uye vazhinji vakamira, nevamwe vakadaro, uye tine hurombo neizvi, asi hapana zvatinogona kuita nezvazvo, tabhenakeri haina kukura. Zvino takasiya Mosesi. . .

⁴⁴ Vana veIsraeri vakanga vabuda muEgipita. Vakapinda murenje, vakatanga kugunun'una. Mwari vakatumira nyoka dzine uturu pakati pavo uye dzikavaruma, vakanga vachifa, vari zviuru. Zvino vakabva Vaita yananiso, nyoka yendarira. Oo, zvakaisvonaka sei! *Nyoka yendarira* iya, ichitaura pamusoro pekutonga, "Kutonga kwaMwari, uye chivi chakatotongwa kare." Genesi 3:14, Mwari vakanga vatotonga nyoka kare. Uye zvakare muna Eksodho 17, tinoona kuti ndarira inotaura nezvekutonga kwaMwari, artari yendarira. Uyewo, zvakare, mumazuva aEria, takaona kuti matenga aive endarira. Ndarira nguva dzose mufananidzo wekutonga kwaMwari.

⁴⁵ Manheru ano, nyika dzave kuva sendarira; mufananidzo, kutongwa kwave pedyo. Ndinotenda kuti tiri kurarama mukuvharwa kwenhoroondo yepasi rose. Ndinotenda kuti kutonga kwaMwari kuri pamusoro pamarudzi, uye Mwari vakatendera zvinhu izvi. Nokuti takashaya hanya naKristu, ndicho chikonzero Communism yakapararira panyika. Takatora zviuru zvinguruve tikadziuraya, uye tikadzipisa kunze kuno kumakura. Hatina kukwanisa kufamba nzira yakatwasuka, nhete. Takadzosa hwiski nedoro. Takapisa gorosi, tikarifushira

pasi. Tikakandira donje pamusoro; zvino mazana evana vadiki vakaoma nechando kusvika vafa, potse, mugore. Zvakanaka, takazviwana zvino, Communism yakapinda mukati chaimo ndokuibvisa payaiva imire.

⁴⁶ Ndosaka Chikristu chisingagoni kana kusimudza chiyero, imhaka yekuti, kwete nekuti Kristu haakwanise, asi nekuti vanhu havazviiti. Mharidzo yakagadzirira, Simba raMwari rakakwana. Varume nevakadzi vanotyva kunopinda mhiriko muzviyero izvozvo pamberi paMwari, vogoshinga kuvimba naVo, vitora Shoko raVo.

⁴⁷ Mosesi, ipapo akakundika Mwari. Mosesi mufananidzo wakakwana wesangano rechechi. Ndizvo, regererai izvi, hama, asi ndinoda kuti munyatsoteerera. Zvinhu zvose izvozvo zvaive mumvuri nemufananidzo.

⁴⁸ Uye nhasi unonzwa vanhu vachiti, “Oo, ndiri we*Kwakati-kwakati*. Ndiri weMethodisti.” Kwete ivavo chete, asi vanhu vePentekosti, vanhu vehutsvene, “Ndiri weAssemblies, ndivo vakurusa! Ndiri weChurch of God.” Mwari havana hanya zvakanyanya *kudaro* pamusoro pechero mumwe wavo, kana chero ani wavo. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti] Kwete, changamire. Mwari vane hanya nedungamunhu, nechero murume kana mudzimai anoshinga kuvimba naVo.

⁴⁹ Mosesi aive mufananidzo wesangano rechechi, izvo, iye aive murairo. Zvino Mosesi akazvisimudzira pamberi pevanhu, pachinzvimbo chekusimudzira Mwari. Zvino Mwari vakamufuratira.

⁵⁰ Uye nhasi chechi yatanga kuzvisimudzira pachinzvimbo chekusimudzira Mwari. Vari kuedza kuwana dzimwe nhengo dzakawanda, machechi ari nani, maogani ari nani nezvigaro zviri nani, nechechi yakadarika pakukura. Mwari havana basa zvakanyanya *kudaro* pane izvozvo. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti] Unofanira kunge uchipa Mwari rumbidzo. Ndingasva ndava nekamisheni kadiki kekare kune imwe nzvimbo, kakacheneswa, zasi muna Bowery pane imwe nzvimbo, kwavanogona kunyatsosununguka nekudanidzira, nekurumbidza Mwari nekuva nenguva yakanaka, kupfuura macathedral makuru ese ari munyika. Amen. Ndizvozvo chaizvo. Mwari vakapedza nemazera echechi.

⁵¹ Zvino cherechedzai, Vakapomera Mosesi nokuti Mosesi akazvisimudzira.

⁵² Uye imi ingotaraisai nhasi. Machechi makuru aya, vese vari kuda kuti muuye kuchechi yavo nesangano ravo. Uye muparidzi wese ari kudhonza achiedza kuwana chokuzvirumbidza nacho, anoenderera mberi, oti, “Zvinoka, ndinogona kuva mukuru wedunhu. Ndinogona kuva *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*.” Hama, ndinoda kuva Mukristu. Ndizvo zvinodiwa nevarume nevakadzi,

ndiKristu. Oo, pandinotanga kuvaona, kuona maitiro avari kuita!

⁵³ Zvinondirangaridza pano nguva shoma yapfuura, ndakanga ndiri pa—pazororo duku mushure mekunge ndadzoka kubva kuAfrica, ndakanga ndiri kumusoro kuno musango rekuMaodzanyemba, kumusoro-soro kuno pamuganhu weAlaska, mamaera 1,000 kubva pamugwagwa wetara. Ndakadzokera kwemazuva 6, ndakatasva bhiza, ndichibva chaizvo pane zvinhu zvese. Uye pandakadzokera neikoko, ndakanga ndakatasva bhiza rangu, rimwe zuva, zvino rakangovhunduka. Chitsere chipfumbu chakangosimuka, zvino rakavhunduka. Uye ndaifamba ndichidzika nepakati, kana kuti iro rakatanga kumhanya, zvino takadzika nepakati ipapo. Zvino kwakanga kune nzvimbo yakanga yakambopiswa nemoto, uye kwakanga kune miti mikuru mirefu yaive yakamira ipapo. Uye yaive michena, ipapo muchiedza chemwedzi, oo, yakangokura uye yakasimba sezvayairatidzika kuva. Hupenyu hwese hwakanga hwabuda mairi. Zvino ndakateerera mhengo dzaiita ruzha, zvino mhengo idzi dzaidzika neimomo, dzichingoungudza, munoziva, uye zvaingoitwa nemiti yose iyoyo yekare kwaingova kutswikidza nekukekedza, nekutswikidza nekukekedza.

⁵⁴ Umo muna Joere, Rakati, “Zvakasiyiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose; zvakasiyiwa nemupedzachose, zvakadyiwa negonye.” Machechi iwayo, oo, pasina kupokana, sezvakangoita miti iyoyo, aimbova zvimiro zvikuru zvinorarama, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Pentekosti. Asi ndinokuudzai, moto nekupisa kwe—kwenyika ino wapisa makwati ose kubva paari, akamira seboka guru rematombo epamakuva zvino, uye akangovakwa kumusoro ikoko, asina Hupenyu maari zvachose. Amen. Ndizvozvo. Zvino kana Mhengo inovhuvhuta nesimba yabva Kudenga, ichidzika, chinhu chega chavanoita kungotswikidza nekukekedza, nekuungudza, nekutaura vachizvipikisa. Hareruya! Chatinoda munhu anozvigamuchira!

⁵⁵ Uye ndakacherechedza pasi ikoko, miti midiki iyoyo yaikura, yaive ichitepukira, inongofambirana nemhengo, ichitamba-tamba sezvizvi, ichiva nenguva yakanaka. Ndakati, “Zvinondirangaridza nezverumutsiriro rwakanaka, rwechinyakare, rwakatumwa naMwari, rweMweya Mutsvene.” Hareruya!

⁵⁶ Apo zviratidzo nezvishamiso zvinotanga kuuya muchechi, machechi makuru ekare anozhamba, “Handitendi muzvinhu izvozvo. Kupengereka ikoko. Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Uye Mhengo ichirira ichidzika pasi chaipo, imwe cheteyo yakavaita kuti vazhambe, inoita kuti vamwe vafaranuke. Hareruya!

⁵⁷ Uye pawaizunguza muti iwoyo, pese paunozunguzwa, unosunungura midzi kuitira kuti ukure uchidzika pasi uye wova nekubata kuri nani. Hareruya! Ndizvo zvatinoda manheru ano, kuzunguza kweMweya Mutsvene, kwakanaka, kwenguva dzekare, kuti kudzike (Mwari ngavarumbidzwe!), wowana kubata kwechinyakare pana Mwari. Kuzunguza kwese nekudhonza kunoita Mweya Mutsvene kwauri, Uri kusunungura ivhu riri pamidzi kuti Ugone kuchera uchidzika, wobata zviri nani, wodzika midzi uye wakadzikwa muna Kristu Jesu, nezvimwe zviitiko: chiitiko chekupodzwa; chiitiko cherubhabhatidzo, Mweya Mutsvene; chiitiko chezvipo zveMweya. Hareruya! Zvinongokusungirira muna Kristu, kuwedzera kuvhuvhuta kwazvinoita!

⁵⁸ Chechi ngaitswikidze nekuungudza kana ichida hayo. Regai iti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” kana vachida kudaro. Vakafa, zvakadaro. Oo, vanoti, “Isu tiri chechi!” Ndizvo zvayaivewo, miti iyoyo.

⁵⁹ Asi, itarisei. Hapana makwati pairi, inongori nemadzvanga, makwati ose akabva nokutsva. Haina kukwanisa kutakura hupenyu kumusoro, ndicho chikonzero. Dai miti iyoyo yaiva nemakwati pairi, uye aigona kutakura hupenyu huchikwidza mairi, yaizoramazve. Asi makwati ose, akatoenda kunze uko ndokunoita tsika dzavo nezvimwe zvakadaro, saka haitombogoni kuva nechero gwati pairi, hapana chimwe kunze kwekungotswikidza nekukekedza kana mhengo dzovhuvhuta.

⁶⁰ Asi Mwari vakatumira Mhengo zvimwe chetezvo. Saka, chechi diki iyi iri kuuya, vashoma-shoma, vaingova nenguva huru naYo, apo vamwe vose vaienderera pamusoro pazvo. Oo, ini zvangu! Tinoda simba raMwari muchechi!

⁶¹ Zvino, pava kabva, Mosesi ava kufa, vakatanga rwendo rwavo vakananga kunyika yechipikirwa. Tinofanira kukurumidza zvino nekuti hatina nguva yakawandisa.

⁶² Asi vakatanga kuenda kunyika yechipikirwa, ndiyani akauya munzira yavo? Asi rimwe zuva paiva namambo akwegura akatsamwiswa zvikuru neboka iri revaHebheru richiuya neikoko. Zvino vaiziva kuti Mwari vaiva navo. Saka akaenda ikoko akanatora muporofita kuti auye kuzovatuka, ainzi Bharaki. Zvino Bharamu wakare akawana... Bharaki akanga aine muporofita ainzi Bharamu. Zvino Bharamu akatasva nyurusi duku rakare, mushure mekunge iVo (Mwari) vatomuudza kuti asaende. Uye, munoziva, akatanga kuenda achidzika, akatasva nyurusi rake, nevaranda vashoma. Akanga ari kuenda kunotuka Israeri. “Hongu, ndichaenda kunokugadzirisirai boka revaumburuki vatsvene ivavo. Ndichavagadzirisira.” Saka akakwira panyurusi ndokuenda, achidzika chaizvo nepakati ipapo. Chinhu chekutanga munoziva...

⁶³ Nyurusi raitova nemuono wepamweya kupfuura waionekwa nemuparidzi. Ndizvozvo chaizvo. Nyurusi rakaona Mweya Mutsvene wakamira munzira, nemunondo wakavhomorwa. Rakamhanyira kunze kumunda, rikadzvanyidzira tsoka yemuparidzi wekare. Hama, chatinoda nhasi kutasva mamwezve manyurusi. Hamuzvitendi here izvozvo? Ndizvozvo. Hongu, hero richiuya. Rakamhanyira kunze mumunda, rikaona Mutumwa waJehovha amire munzira.

⁶⁴ Saka nguva inotevera, iWo (Mweya Mutsvene, Mutsvene) wakaenda mukanzira kadiki kakamanikana, ndokumira ipapo zvakare. Zvino chinhu chekutanga munoziva, akatanga kubaya nyurusi rekare achiedza kuriita kuti ripfure, zvino nyurusi rakangoti gwada pasi chaipo. Akatanga kurikava-kava, nekurova nechimuti, zvino nyurusi rakacheuka rikataura nenzwi remunhu, ndokuti, “Handina kukushumirai zvakanaka here muzvinhu zvose izvi?” Uye muporofita zvakadaro akanga achiri akagumbuka, haana kana kutombocherechedza zvaitaurwa nenyurusi. Oo, ini zvangu!

⁶⁵ Kana Mwari vachigona kushandisa rurimi rwenyurusi risingataure, kuti ritaure, zvirokwazvo Vanogona kushandisa murume kana mudzimai anozvipira kuna Mwari. Hareruya!

⁶⁶ Uye zvino, chinhu chekutanga, makwande akadonha kubva mumaziso emuparidzi, zvino akatarisa neche uko akaona chakanga chichiitika. Hapo paive pamire Mweya Mutsvene, kana kuti Mutumwa waJehovha, munzira.

⁶⁷ Akaenderera mberi zasi, uye akafunga kuti zvechokwadi aizotuka vanhu ivavo. Saka paakadzika zasi, tinwana mufananidzo wakanaka wazvo pano muna Judha, kana tikangovhura hedu. Teererai. Paakasvika zasi ikoko, akati. . . Zvino tarisai Bharamu. Zvino Bharaki ari kuzoratidza Bharamu Israeri, saka anoenda ndokumuvakira artari yake. Akanga ari muporofita, Bharamu akanga ari. Saka akangomuratidza chikamu cheIsraeri, chikamu chakaipisisa bedzi.

⁶⁸ Uye ndizvo chaizvo zvinoitwa nadhiyabhore nhasi, anongokuratidza chikamu chakaipisisa chechinhu chacho. Ndizvo izvo dhiyabhore anoratidza vamwe vevaparidzi ava vemazuva ano vedzidziso yebhaibheri, kungoti, “Zvino, tarisa pano, unoziva John Doe, aisigara neche kuno, akatiza nemudzimai wa*Nhingi-nhingi*. Tafinikana neboka iroto revaumburuki vatsvene.” Haana kumbofunga nezvevamwe vari musanganano rake iye vakaitawo zvimwe chetezvo. Ndizvozvo. Asi vanogona kuzvivharidzira.

⁶⁹ Asi, teererai, akamuratidza *zvakaanda* kudai zveIsraeri, ndokudzokera naye ndokumuratidza *zvakaanda* kudai *apa*. Asi paakasvika panzvimbo, uye Bharamu, akafunga, “Chokwadi kana Israeri yakaita zvakaipa. . .” Vakatoita zvakaipa. Vakanga vaita zvese zviru mukarenda yaMwari, zvisiri izvo, potse.

Asi izvo, zvino Bharamu akafunga kuti Mwari mutsvene zvirokwazvo aizotuka vanhu vainge vakakanganya zvakadaro. Akafunga, “Chokwadi Mwari vachazviita.” Saka paakasvika ikoko, aida mari zvakanyanyisa zvekuti haana kukwanisa kuona chikonzero sei Mwari vakanga vasiri kuvatuka. Zvino nguva yose paaidza kuvatuka, aibva avaropafadza. Aiburitsa chiporofita chake saizvozvo, oenda mberi uye onotora nguwo yake nemufananidzo wake; zvino pachinzvimbo chekutuka, chaizova ropafadzo rinodzokera kwavari, “Matende ako akarurama sei, O Israeri,” kuti vaive vakuru sei. Pachinzvimbo chekutuka, aivaropafadza.

⁷⁰ Izvo Bharamu akatadza kuona, ndizvo izvo vaparidzi vechimanjemanje nevanhu vechimanjemanje vanotadza kuona muChechi yeMweya Mutsvene nhasi. Vanoti, “Ndinoziva vazhinji vavo vanozvidaidza kuti *izvi*, *izvo*, *nezvimwe*, *nezvinhu* zvakawanda zvavakaita.” Ndinozvibvuma izvozvo, hama. Vanoti, “Vanoputika *neizvi*, uye vakaita *izvo*, uye vakaita *izvi*.” Ichokwadi, ndinobvuma kuti vakaita zvisizvo.

⁷¹ Asi Bharamu paakakundika, kuona Nyoka yeNdarira iya neDombo rakarohwa riya zvichienda mberi kweIsraeri, zvichiita yananiso. Kwaiva kudana kwaMwari, kusanangura kwaMwari. Vaiva vanhu vaMwari. Hareruya! Mwari vakanga vavadana ndokuvapatsanura, ndokuisa Nyoka pamberi pavo (seyananiso) neDombo rakarohwa, zvino Bharamu akatadza kuZviona. Muzuva iro muparidzi wechimanjemanje anotadza kuona simba reMweya Mutsvene, Jesu Kristu akarohwa, kuti tiri muMutumbi waKe, neMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete uye tikava nhengo dzeMutumbi iwoyo. Uye ndizvo izvo munhu wechimanjemanje akatadza kuona imomo. Chechi yeMweya Mutsvene iyoyo isati yaenderera mberi, vanotadza kuzviona izvozvo, Dombo riya rakarohwa, Nyoka yendarira iya yaienda mberi kwechechi, ichiita yananiso. Bharamu akatadza kuZviona.

⁷² Zvino Joshua paakasvika kumagumo, Joshua akatora nzvimbo yaMosesi. Joshua akanga ari mumusasa nguva dzose. Iye naKarebhu ndivo 2 chete vakatanga kare uko pakutanga, vakayambukira mhiri. Zvino chizvarwa chose chakafa nokuda kwokusatenda. Mwari vakatanga chizvarwa chitsva, Vakatanga Joshua kuti ave mutungamiri, iye naKarebhu.

⁷³ Zvino cherechedzai, sezvo chechi yakundikana. Chinhu chainge chiri muchechi nguva dzose, asi zvakadaro chisina kucherechedzwa, zvipo zveMweya, kuratidzwa kweMweya, ndizvo zviri kusimudza chechi zvino nokuenderera mberi.

⁷⁴ Tarisai mumazuva ekare kumashure uko, ivo, vakamisa matende avo. Paiva neShongwe yeMoto yaivatungamirira. Uye pese paifamba Shongwe yeMoto iyoyo, vaifamba naYo. Yaigara pamusoro pematende. Zvino kana dzaive dziri 10 o'clock

husiku, 2 o'clock masikati, paiva nehvamanda 1,000 dzairidzwa panguva imwe chete; muIsraeri wese aibvisa tende rake, aibvisa zvinhu zvake, uye orongedza zvese, uye votevera Shongwe yeMoto.

⁷⁵ Oo, chingava chinhu chakanaka nhasi! Vakatevera Shongwe yeMoto. Uye zvakare pakamira Shongwe yeMoto, vakavaka pasi payo. Izvozvo zvakazorasika kuchechi.

⁷⁶ Mumazuva aMartin Luther, mushure memakore 5 . . . makore 1,500 emazera erima, Martin Luther akaona Shongwe yeMoto ichifamba, zvino akabuda muChechi yeKatorike, uye akatevera Shongwe yeMoto uye akaburitsa makumi ezviuru zvavo.

⁷⁷ Ndokubva Martin Luther avaka pasi peShongwe yeMoto. Zvino paakasvika zasi ikoko, chinhu chekutanga munoziva, akagadzira sangano guru rinonzi chechi yeLutherani. Asi rimwe zuva Shongwe yeMoto yakatanga kufamba zvakare, asi Martin Luther haana kukwanisa kufamba, nokuti akanga aita sangano. Akatozogara ipapo. Ndizvozvo.

⁷⁸ Zvino mumwe muchinda mudiki kuEngland, ane zita rekuti John Wesley, akaIona. (Zvino Martin Luther akati, “Vakarurama vachararama nokutenda.”) Uye zvino, uye John Wesley akataura kuti, “Jesu akatambura kunze kwemasuwo, kuti Achenese vanhu neRopa raKe pachaKe.” Akaona kucheneswa. Shongwe yeMoto yakabuda, asi Luther haana kukwanisa kufamba, nokuti aive sangano.

⁷⁹ Regai nditaure izvi kwamuri, hama. Mwari, muBhaibheri raVo, havana kumbova nechechi yakaitwa sangano. Ndiyo Dzidziso yacho. Chechi yeKatorike inoti ndivo “amai vemachechi.” *Ndivo* amai vemachechi. Ndivo amai vemasangano, uye Zvakazarurwa 17 inotaura zvimwe chetezvo. Ndizvozvo chaizvo. Ndivo chechi yekutanga yakaitwa sangano. Uye ava vaingova vanasikana vadiki—vadiki vakabva pairi, verengai Zvakazarurwa 17. Tichapinda mazviri vhiki rinouya. Zvakanaka, cherechedzai.

⁸⁰ Zvino vakatadza kufamba, saka John Wesley akaona Shongwe yeMoto zvino akaItevera. Uye akadhonza guru . . . Akaponesa marudzi. Marudzi angangoita 3 kana 4 akanga ari mukuora kwehunhu, zvino John Wesley akaona Shongwe yeMoto ndokutanga rumutsiriro rwaWesley rwakapararira pasi rose, ndokuuya kuno, iye naAsbury nevamwe, uye vakapedza dambudziko. Ndizvozvo.

⁸¹ Uyezve chinhu chekutanga munoziva, John Wesley akaita sangano rakanyatsosimba, Shongwe yeMoto ndokutanga kufamba zvakare. Wesley haana kugona kufamba, nekuti akanga ari sangano. Zvino vanhu vePentekosti vakaIona, ndokubva vaenda. Ndizvozvo, ndokusiya Wesley agere mumumvuri; Mwari vakamuisa pasherufu pamwe naLuther. Zvakanaka. Zvino, chinhu chekutanga munoziva,

vakava nerumutsiro rukuru, rumutsiro rwePentekosti, kudzoreredzwa kwezvipa nezvimwe zvakadaro.

⁸² Uye zvino, chinhu chekutanga munoziva, Shongwe yeMoto yatanga kufamba zvakare. Asi Pentekosti yakanyatsoita sangano, haikwanisi kuenda. Hama, zvarwadza, handitika. Uye zvakanaka. Yakanyatsoita sangano, yakaomarara kusvika haichagoni kufamba. Ndizvozvo. Ichokwadi. Asi Shongwe yeMoto iri kubuda, hama, uye pane vanhu vari kuenda naYo. Hareruya! Takananga kuNyika yechipikirwa! Hongu, changamire.

⁸³ Mosesi paakakundika, Joshua akaona Shongwe yeMoto iya ichifamba, akati, “Handei, vana, tiri munzira yedu.” Akavaunza kumusoro ikoko kudivi rweJorodhani. Oo, pandinofunga nezvazvo, zvakanaka kwazvo! Akati, “Zvino, tisati tayambuka, ticharega vatsori vashoma vatete...vatuhwinhe vachienda mhiri.”

⁸⁴ Munoziva nyaya yechipfeve, Rahabhu, Rahabhu chipfeve, waro, kuti akaderedza sei mbatya tsvuku, uye akaponesa imba yake. Nekutenda, akava mhinduro kune njodzi yaivepo, akaponesa iye nemhuri yake. Masvingo ose akadonha kunze kwechikamu chake, nokuti paiva netambo tsvuku pamukova wake.

⁸⁵ Sezvatakava nazvo humwe husiku, mutumwa werufu achiuya nepo. Pane tambo tsvuku here pamusuwo wako kuzunguzwa kukuru uku kusati kwauya? Akati, “HaNdizozunguzi nyika zvakare, asi Ndichazunguza matenga. Uye tinogamuchira simba reHumambo husingazunguziki,” VaHebheru. Ndizvozvo. Tiri kurarama munguva iyoyo! Zvino tarisai.

⁸⁶ Ndinoona Joshua, mutungamiri wechidiki. Mwari vanosangana naye, Vakati, “Usatya zvino, iwe. Muranda wangu Mosesi afa, asi simuka uyambuke Jorodhani iri. Hakuna munhu, mazuva ose ehupenyu hwako, achagona kumira pamberi pako. SezvaNdakanga ndina Mosesi, saizvozvo Ndichavawo newe. Usatya, iva wakasimba uye wakashinga zvakananyanya.” Ini zvangu, ndiri kuona murwi wekare achifamba-famba ipapo, muchinda mudiki akaninipa. Akanga ari mu...Akanga adana Israeri yose pamwe chete, ndokutarisa zasi mhiri kweJorodhani ikoko. Maiva mumwedzi wekukohwa, Kubvumbi. Uye ipapo chando chakanga chanyungudika muJudhea, uye pakanga paine rwizi rukuru rwaidzika nepakati ipapo, rwuchiomba.

⁸⁷ Ndine, ndakakuudzai kuti tine firimu razvo apo dzimwe hama dzedu dzaive ikoko nguva pfupi yadarika, zvino vakanga vachiita musangano imomo, kana kuti vachingopfuura, vachigadzirira, ndiri kuenda ikoko kumusangano. Zvino paiva nevangaita 40 vavo. Zvino vakasvika panzvimbo iyoyo, uye vakadanidzira uye vakaita sevachawisira pasi makwenzi

ese aiva panzvimbo ipapo. Zvino pavakasvika kumusoro ikoko, uko Jesu akabhabhatidzwa kumusoro ikoko naJohane, mumwe nemumwe wavo akatanga kudanidzira, vakasvetukira mumvura ndokubhabhatidzana zvakare. Chokwadi, chimwe chinhu chichingo—chichingo—chichingobvarura mweya wemunhu kana achifunga izvozvo!

⁸⁸ Mutana Buddy Robinson, paakanga ari ikoko. Vamwe venyu imi maNazarene munofanira kubata izvi. Aifamba ari mumotokari yekare yeModel T Ford, achidzika nerwendo rumwe chete urwu rwakauyiwa nevana vaIsraeri. Akati, “Mwari ngavarumbidzwe! Misa chinhu ichi, ini zvatondikunda zvachose!” Kunze ikoko chaiko, akabuda, ndokutenderera, akatenderera, akatenderera mota, ndokudanidzira nesimba rake rese. Saka akapinda mukati, akati, “Mutsa chinhu ichi zvakare, handei.”

⁸⁹ Chimwe chinhu pamusoro pazvo! Hareruya! Chii ichocho? Pane pakadzika mukati *umu* pari kudana kune Pakadzika. Hama, ndinotenda kuti kana pakadzika pari mukati *umu*, pachidana, pane Pakadzika kunze uko panokupindura. Chero bedzi paine nzara mumoyo wemunhu zvino, yekubuda kunze nekunoitira Mwari chimwe chinhu, zvinoratidza kuti pane chimwe chinhu chiri kusundira zasi, chichiuya zasi kwatiri. Tave pedyo nechinhu chacho, hama. Teererai manheru ano! Ndinotenda izvi, muZita raShe, kuti zvinhu zvatakaita zvinhu zvidiki pane izvo Mwari vari kugadzirira kuita iko zvino. Muchanzwa nezvezvinhu zvikuru.

⁹⁰ Ndakaona Joshua zvino, akamira ipapo. Achayambuka sei rwizi? Vatarisei. Zvino, vakanga vasina mazambuko, vavaki vemabhiriji makuru, kwazvo, simbi nezvinhu, kana matanda ekuvakisa mabhiriji nawo, mumazuva iwayo. Vakanga vasinawo iwayo pamwe navo. Asi Joshua akatarisa mhiri kweJorodhani rine madhaka, akatarisa shure ikoko zvino akaona zviuru izvi nemakumi ezviuru zvemaJudha, akati, “Mwari vachagadzira nzira!” Mwari vakanga vavavimbisa.

⁹¹ Zvino kana Mwari vakavimbisa, Mwari vachachengeta Shoko raVo. Kana Mwari vakavimbisa kukupodza, Vachazviita. Kana Mwari vakavimbisa kukupa Mweya Mutsvene, Vachazviita. Ingouya wova...tendeuka, wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, uye woMutenda, wotarisa zvinoitika. Ndizvozvo, uchazadzwa neMweya Mutsvene! Mwari vanosungirwa kuShoko raVo. Havakwanise kudzosa Shoko raVo. Vanofanira kuchengeta Shoko raVo, kuti vave Mwari. Vanofanira kudaro.

⁹² Zvino cherechedzai Joshua akamira ipapo, akatarisa kwese-kwese. Oo, ini zvangu!

⁹³ Tichamirawo ipapo, zvakare, rimwe remazuva ano. Tichamira kumagumo enzira, apo tiri muJorodhani rine

madhaka... Une hutano manheru ano, shamwari, panogona kunge pasina chakakanganisika newe. Asi rimwe remazuva ano chiremba vachange vari mukamuri yako, uye voti, “Hapachisina chimwe chinogona kuitwa.” Kurova kwemoyo ikoko kuchakwidza nemuruoko rwenguwo. Mazuva iwayo ehudiki apera. Chimwe chinhu chinoitika. Chiremba vanoti, “Hapana chinogona kuitwa. Ndine hurombo. Mudzimai wechidiki,” mukomana wechidiki, mukuru kana mudiki, chero zvazvingava, “asi hapana chinogona kuitwa.” Achibuda mukamuri, uchanzwa mhute inotonhora yerufu ichiyangarara ichidzika mukamuri, Jorodhani rekare iroro richaratidzika kuva nemadhaka uye rakakwasharara. Oo, ini zvangu!

⁹⁴ Zvino uchava saJoshua, akatarisa, akagara kumashure uko pachikomo, zvino paiva neAreka yesungano, Murevereri. Aiva nechimwe Chinhu chaizopinda pakati pake nematambudziko avo.

⁹⁵ Uye, manheru ano, tine Areka, Kristu Jesu, Uyo anomira pakati pedu nerufu. Mamwe emazuva ano kana mweya wekupedzisira kufema wave kubuda mumutumbi wedu, ndinoda kumhanyira zasi kurwizi, ndoti, “Vhura nzira, Jorodhani, ndiri kuenda mhiri kunoona Ishe wangu.” Ndinotenda kuti Nyeredzi yeMangwanani ichabuda, ichidzika nemumipata yemumvuri werufu, yovhenekera nzira, uye Mweya Mutsvene uchatambanudza mapapiro 2 anobwinya mhiri kweJorodhani wotakura mweya yedu yakaneta kuenda kuNyika iri nani. Amen. Zvino cherechedzai izvi.

⁹⁶ Zvino Joshua paakatarisa, akatora Areka yesungano, akavaudza, akati, “Zviunganidzei pano, zvichenesei kuitira mangwana, mugadzirire, nokuti muchaona Kubwinya kwaMwari.” Akabva aziva kuti Mwari vaiva naye.

⁹⁷ Akabva atora vapisita, uye vakaisa Mwari pokutanga; Areka pamberi pevapisita, pamberi peungano, akavaita kuti vagarire chimwe chinhambwe kumashure kusvikira Areka yatanga kuenda.

⁹⁸ Hama, hanzvadzi, kana ukaisa Mwari pekutanga mune zvese zvaunoita, unototi ubude zvakanaka. Isa Mwari pekutanga.

⁹⁹ Zvino vakaenda, vakatakura Areka. Zvino tsoka dzevapisita padzakazorora mumvura, Mwari vakakungurutsira Jorodhani kumashure. Yakadzokera kumashure. Vakamira muShongwe, Israeri ndokuyambuka pavhu rakaoma. Vakavaka musasa wavo.

¹⁰⁰ Joshua akanga achifamba-famba, mazuva mashoma akatevera, achingomema nzvimbo yacho. Zvese zvakanga zvakavharwa kumusoro ikoko, nekuti ikoko Mwari vakanga vaisa kutya pamusoro pavo vese, vagari vemuParastina kumusoro kwakakomberedza Jeriko. Joshua akanga achifamba hake, zvino akatarisa, akaona mumwe Munhu. Akavhomora

munondo wake, akati...Zvino mumwe Murume uyu akavhomora munondo waKe. Akati, “Uri waAni? Ko Uri kurutivi rwehu here kana kuti Uri wevavengi vedu?”

¹⁰¹ Akati, “Kwete, asi ndiNi Mutungamiri weHondo yaJehovha. Bvisa shangu patsoka dzako, nokuti nzvimbo yaumire pairi inzvimbo tsvene.” Akasangana naJesu ipapo, chiso nechiso, Mukuru weHondo yaJehovha. Zvino Akamuudza zvekuita, kuti atenderere masvingo, aridze hwamanda, odanidzira, uye masvingo eJeriko achadonha. Zvino vakatora nyika yeParastina, vakagara imomo sezvavakavimbiswa naMwari, nekuti chipikirwa chaMwari chaiva chavo.

¹⁰² Zvino, hama yangu, manheru ano tiri munzira yedu kuenda kuNyika yechipikirwa. Mumaminitsi mashoma tichange tichiviga vanhu muno mudzira rekubhabhatidza, kuti varegererwe zvivi zvavo, vachitenda muna Ishe Jesu. Uye ndinoda kutaura izvi, kana usina chokwadi nekudanwa nekusanangurwa kwako, muna Kristu, dai wazviita manheru ano. Haudaro...Unoti, “Zvinoka, Hama Branham, Mwari havandide, handina kukosha.” Hongu, ndizvo zvauri.

¹⁰³ Nguva shoma yapfuura ndakanga ndakamira pamuseum zasi kuTennessee, uye ndaitarisa zvinhu zvakasiyana-siyana, uye ndakaona ongororo yemutumbi wemunhu, wemurume airema mapaundi 50. Munoziva kuti aiva akadini, kuti akakosha zvakadini? 84 senzi, mumakemikari, 84 senzi. Mutumbi wemunhu unorema mapaundi 150, unoita 84 senzi, mumakemikari. Pongova necalcium inokwana kuita chimwe chinhu, newhitewash inokwana kusasa dendere rehuku nezvimwewo zvakadaro, chinongori chinhu chidiki-diki chawaive nacho, 84 senzi. Asi uchapfeka jasi remakushe remadhora 100 pa 84 senzi idzodzo, wosimudza mhuno yako mudenga woenderera uchifamba sekunge wanga uri mumwe munhu, ngowani yemadhora 50 pamusoro pe 84 senzi idzodzo. Paiva nemumwe muchinda akanga akamira ipapo, akati, “Nhai, hatina kukosha zvakanyanya, handizvo here, George?”

¹⁰⁴ Ndakatendeuka, ndikati, “Asi, mukomana, muviri wako hauna kunyanya kukosha, asi une mweya unokosha nyika 10 miriyoni. Unoti kudini nazvo?” Airatidza mhasuru dzake, kuti aive akakura zvakadini. Ndikati, “Ko izvoka izvo?” Munhu anoda kuganza nezvavari.

¹⁰⁵ Nguva shoma yapfuura, kunze kuMadokero, ndaiva nemusangano. Ndakaenda kumba nemumwe mutana muzvinapurazi remombe pakudya kwemasikati. Oo, uye vamwe vevanhu vake vakanga vapodzwa. Akanga andipa cheki ipapo iyo yaigona kunditengera matabhenakeri aya 45, dai ndaida. Ndikati, “Handidi mari yenyu.”

Howard, munin’ina wangu, aiva neni, akati, “Bill, sei usina kutora cheki iyoyo?”

Ndikati, “Handidi mari yake.” Regai ndirarame zuva nezuya. Haisi mari yandiri kutevera. Ndiri munhu wekushumira Ishe Jesu.

¹⁰⁶ Akamira ipapo mukadzi uya paakapodzwa kunze uko, vekwaMelikian, muCalifornia. Makazviona pano mubepanhau reLouisville. Pavakasvika pano, 2 vevamiririri ivavo, vakauya nemadhora 1,500,000, uye vakandipa pandaigara muchimba chine makamuri 2. Ndakati, “Handitombodi kuitarisa. Kwete, changamire. Kwete, changamire.” Rudo rwemari ndiwo mudzi wechakaipa chose. Garirai kure nezvinhu izvozvo.

Muzvinapurazi uyu akabuda imomo, akati, “Mufundisi Branham?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Muri kuona makomo ayo here mhiri uko?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

“Munofunga kuti ari kure zvakadini?”

Ndikati, “Handizive.”

Akati, “Ari mamaira 80.” Akati, “Ndiri muridzi kusvika ikoko, nekutopfuura ikoko. Inzvimbo yangu yekufudzira.”

Ndikati, “Ini zvangu, zvakanakisa.”

¹⁰⁷ Akati, “Ndinoona zasi imomo. Muri kuona guta iro here?” Akati, “Ndini muridzi webhanga riri muguta iroro; ndini muridzi wenzvimbo yese iyo zasi *ikoko*, uye ndini muridzi *weuku*.” Oo, zvese zvaaiva nazvo!

¹⁰⁸ Akamira, ari mustation wagon yake diki. Ndakamutarisa, murume akanaka kwazvo. Ndakaisa ruoko rwangu pabendekeke rake, ndikati, “Hama, ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Akati, “Zvakanaka.”

Ndikati, “Tarisai kumusoro chaiko nekuno *Uku*. Mune zvakawanda zvakadini zviru zvenyu kumusoro neche *Uko*?” Maona?

Akati, “Hama Branham, chokwadi chaicho handina kana chinhu.”

¹⁰⁹ Ndikati, “Ndiko kune pfuma yangu zvino. Handina chinhu zasi kuno. ‘Zvisinei kuti ndine tende kana katumba kadiki, ko ndingaitireiko hanya nazvo? Vari kundivakira zambamba mhiri ikoko! Remarubhi nemadhaimani, nesirivheri nendarama, homwe dzaKe dzemari dzakazara uye ane hupfumi husingataurike.’” Hongu, changamire. Ndiko kune pfuma, kumusoro Uko. Uye pane pfuma yako, ndipo pane mwoyo wakowo zvakare.

¹¹⁰ Vaitorera Gypsy Smith mupiro werudo pane imwe nguva. Zvino pavakadzokera kumashure kwechivakwa, kuti abude husiku ihwohwo, pakanga paine musikana mudiki anonzvisa

urombo akapfeka mamvemve akamira ipapo. Akanga ari zvose... Mbatya dzake dzakanga dzakabvaruka paari. Aive nechimwe chinhu, akati aida kuona VaSmith. Saka Gypsy Smith akati, “Unodei, mudiwa?”

¹¹¹ Akati, “VaSmith, ndakanga ndisina mari yekukupai, asi,” akati, “unenge mwedzi wapfuura yaiva Krisimasi, zvino mumwe munhu akandipa lollipop. Uye ndinokudai zvakanyanya, VaSmith!” Akati, “Baba vangu vakaponeswa, havachisiri chidhakwa zvino.” Akati, “Ndakafunga kuti ndikuunzirei lollipop iyi.”

¹¹² VaSmith vakaitora muruoko rwavo, misodzi ndokuyerera nepamatama avo. Vakamubhabhadzira paruoko, vakati, “Mudiwa, mumupiro wangu manheru ano mune macheki anosvika zviuru zvemadhora, asi ichi ndicho chipo chikurusa chandinacho pamusoro pazvo zvose. Chabva pamwoyo wako muduku wakaninipa.” Oo, ini zvangu!

¹¹³ Zvaunazvo manheru ano, shamwari, hausi chinhu pasina, zvisinei. Wadii wangopa Kristu zvese zvaunazvo? Huya, ngatiyambuke Jorodhani iri. Ngatiyambukei tinotora nyika yacho. Unoti, “Zvino, hama, munoziva kuti ndine basa rakanaka muguta rino. Ndiri... Ndiri werimwe sangano muguta rino.” Umbori chii, zvakadaro? Ipa zvaunazvo, kwaAri. Ngatiunganei kumusoro kuno paJorodhani tigoyambuka manheru ano, tigipinda muNyika yechipikirwa. Dai Ishe vakubatsirai. Ndinonamata kuti Vachadaro, patiri kukotamisa misoro yedu.

¹¹⁴ Ndinoshuva kuti dai ndakwanisa kuparidza zvakati rebei zvisihoma, asi ndakashoshoma. Zvakanaka. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

¹¹⁵ Ishe Mwari, takamira pedyo neJorodhani manheru ano. Masaisai ekare ane madhaka achipfachukira kunze uko. Tinoziva rimwe remazuva ano tinofanira kuuya zasi ikoko. Uye ndinocherechedza kuti kunze uko, pamberi pemumwe nemumwe wedu, pane gomba guru dema, gonhi guru rakadzika iro munhu anopinda mariri, rinonzi rufu. Uye ndinoziva kuti pose moyo wangu paunorova ndatoswedera nekurova kumwe chete ikoko. Zvino ndinofanira kuuya zasi ikoko, Ishe. Uye murume nemudzimai wese, mukomana kana musikana ari muno, anofanira kuuya kunzvimbo iyoyo. Kutu tave kure zvakadini, ndiMi moga munoziva. Asi, Ishe, handidi kuuya ipapo sembende, handidi kuuya ipapo ndichizhambatata, “Ishe, ndipeiwo mamwezve mazuva mashoma ekutendeuka.”

¹¹⁶ Ndinoda kuuya segamba. Ndinoda kuuya saPauro wekare, ndichitaura chinhu chimwe chete ichi, “NdinoMuziva musimba rekumuka kwaKe.” Kwete nekukwazisana maoko nemumwe muparidzi, kwete nekuisa zita rangu mubhuku rechedi, nemadonhwe mashoma emvura akasaswa pamusoro pemusoro wangu. Ndinoda kuMuziva musimba rerumuko rwaKe, kuti,

paAchadana zita rangu, ndichamuka kubva pakati pevakafa. O Mwari, dai chikava chishuwo chemoyo wese uri pano manheru ano.

¹¹⁷ Kana paine varume nemadzimai, vakomana nevasikana pano, vasingaKuzivei mukuregererwa kwechivi pachena, uye vaine mazita avo akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana, dai vakaita sarudzo yavo iko zvino. Zviitei, Baba. Tinoda vanhu. Uye Makasimbisa shumiro dzeNyu kwese-kwese. Uye tinoziva kuti Muri pano.

Zvino tiri kufunga nezveIsraeri ichiyambuka Jorodhani. Sei? Makaivimbisa kwavari, Makaipa kwavari.

Uye Makazvipa kwatiri. Ishe, ngatisimukei tiende kunotora zvinhu zvedu manheru ano. Zviitei, Ishe.

¹¹⁸ Takakotamisa misoro yedu. Handizive kana paine munhu muno manheru ano angati, “Hama Branham,” nekuperera kubva mumoyo medu, “Ndi—ndinoda kuyambuka Jorodhani. Ndinoda kuyambuka, asi handisati ndanyatsorurama chaizvo. Handina kukodzera kuyambukira mhiri. Ndingavenga kusangana naShe ndiri muchinhano changu. Ndichasimudza ruoko rwangu ndoti, ‘Ndinamatireiwo, Hama Branham.’ Uye zviite, uchadaro here?” Ndichazviita. Simudza ruoko rwako. Ndiwe ani? Mwari vakuropafadze. Ini zvangu, angori maoko ari mudenga kwese-kwese! Mumwezve simudza maoko ako mudenga, “Hama Branham, ndinamatireiwo.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadze, mudzimai mudiki. Mwari vakuropafadze, mukomana. Mwari vakuropafadzei, changamire. Newe kumashure uko. Zvakanaka, mumwe munhuzve simudza maoko ako.

¹¹⁹ Zvino tarisai, vanhu, uyu unogona kunge uri iwo musangano wekupedzisira weEvhangeri wauchazombova mauri. Pandinoenda ndozodzoka, mudzimai wangu anoti, “Bill, unoziva *Nhingi-nhingi* here?”

“Hongu.”

“Vakafa. *Uyu* akaurayiwa. *Uya* akabatwa nechirwere chekukundika kwemwoyo.”

“Oo, haurevesi?”


“Hongu.”

¹²⁰ “Oo!” Ndinofunga, “Oo, ini zvangu! Ndinorangarira ndakadaidza vanhu kuartari imwe nguva, zvino ndakaona murume iyeye akagara ipapo. Ndaida kuti iye. . .” “Meda,” ndikati, “pane anoziva here, akazomboponeswa here?”

¹²¹ “Kwete, akangoerekana afa, achibva kubasa. *Iye* akatanga kupfeka shangu dzake, akafa. *Iye* akauraiwa mutsaona. *Iye* haana kumbomuka kubva muhope dzake, akaenda kunorara humwe husiku uye haana kumbomuka.”

Ndinofunga, “Oo, ini zvangu! Ndakaparidzira murume iyeye, mudzimai iyeye, vanhu vechidiki, zvakare.”

¹²² Zvino usafungira zvinhu zvisizvo, shamwari. Uri mutadzi zvechokwadi here manheru ano? Zvino teerera, kana usina kumbozvarwa patsva, uchiri kure naKristu. Unoda kuMugamuchira here? Kana uchida, vangani venyu vanoda kuMugamuchira? Hatina nzvimbo pano, handifungi, yekudanira kuartari pano. Asi kana ukangosimuka netsoka dzako, woti, “Hama Branham, nekumira, ndiri kupa chapupu ichi, ndinoda kugamuchira Kristu iko zvino seMuponesi wangu. Ndinoda kubva muchinhano chino chakare chandiri kurarama machiri.”

¹²³ Ungatendeseka here zvakakwana mumoyo mako, kusimuka netsoka dzako? Ndiani achava wekutanga kuita izvozvo, woti, “Ndinoda kugamuchira”? Mwari vakuropafadzei, hama. Pane varume 3 vakamira, mirai zvishoma. Mwari vakuropafadzei, amai. Ingorambai makamira kana muchikwanisa, amai, kana muchikwanisa. Mwari vakuropafadzei. Mumwe munhuzve. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mumwe munhu zvakare. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mumwezve munhu mira netsoka dzako, uti, “Ndinoda kugamuchira Kristu izvozvi. Ndinoda kubuda muchinhano changu.” Mwari vakuropafadzei, changamire. Mumwe munhuzve. Mwari vakuropafadzei neruoko rwenyu rwakasimudzwa, kumashure uko nemwana. Mwari vakuropafadzei, amai. Ingorambai makamira. Mumwe munhuzve simuka nekukurumidza chaiko zvino. Ko kuno, uye vamwe venyu imi vana vadiki kumusoro kuno? Iwe, mudzimai wechidiki, Mwari vakuropafadze, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei apo. Chingorambai makamira, kana muchikwanisa. Mwari vakuropafadze, musikana mudiki. Mumwezve munhu anoda kugamuchira Kristu, simuka. Ndizvozvo. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Simukai. Mumwezve munhu iti, “Ndinoda zvino kugamuchira Kristu iko zvino. Ndinoda kuti mundirangarire, Hama Branham, iye zvino.” Ungasimuke here? Takamirira iwe. “Ndinoda kugamuchira Kristu.” Unoziva here kuti uri mutadzi, kana kuti kupokana kunongo . . . ? . . . 

53-0329 Israeri NeChechi #5
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org